

Audalbert BIEN-AIME
Campus Henry
Christophe/Université d'État
d'Haiti
Trètman dlo brevaj pou poul

PREZANTASYON NAN:
SENPOZYÒM MIT-AYITI

Defi a:

Lè apre goudougoudou 12 janvye 2010 te gen bezwen vyann pou moun nan kan yo, Ministè Lagrikilti ak kèk ONG te bay moun ti poul pou yo te ka jwenn vyann pou yo manje.

Men, anpil poul te konn mouri. Sa ki fè elvaj yo pa pwofite.

Nou fini pa wè se kalite dlo poul yo t ap bouè ki te lakoz yo malad epi mouri.

Lè nou di elvè yo pou yo trete dlo ke y ap bay poul yo bwè, yo ri nou.



MIT
HAITI



Solisyon an:

Nan seminè, nou t ap fè pou elvè poul yo, lè lè a te rive pou nou manje, mwen te mete 3 dlo anwo tab la:

Lè patisipan yo fin diskite antre yo pou ki sa pèsonn pa chwazi

Dlo DINEPA = gratis ti sheri
Dlo nan sache = 1 goud
Boutèy dlo = 25 goud

Tout moun chwazi dlo sache goud

ni dlo DENEPA gratis, ni dlo boutèy 25 goud e ki maladi moun oswa poul ka jwenn nan dlo,

Mwen mete 3 lòt veso dlo sou tab la,

epi mwen mande chak patisipan

chwazi ki dlo y ap bay poul pa yo bwè.

Bokit dlo pi = gratis ti sheri
Bokit dlo pi + 10 gout klowòks
Boutèy 5 galon Gulligan = 50 goud

Tout moun chwazi Bokit Dlo pi + 10 gout chlorox



MIT
HAITI



Rezilta yo:

Lè elvè poul yo rive lakay yo, 11 sou 15 te mete klowòks nan dlo y ap bay poul yo bwè.

Epi tou, poul moun ki fè trètman sa a sispann mouri ak dyare

Tandike poul moun ki pa fè trètman an kontinye mouri.

Te gen 6 moun nan 11 sa yo ki fè trètman an ki kontinye elve poulè menn apre pwojè a fini.


Tout sa yo ki pa te mete klowòks nan dlo poul yo sispan elvaj yo denpi pwojè a bout.



MIT
HAITI



Ki dlo ou'ap chwazi ?



MIT
HAITI

